




Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics, Book 2
May 4–6, 2004

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk

Matematik

Liv 2



4–6 me, 2004

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2004 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

Ti konsèy pou swiv lè ou ap pran egzamen an

Men kèk sijesyon nou fè pou ede ou fè maksimòm ou nan egzamen sa a:

- Fòk ou sèten ou li ak atansyon tout esplikasyon yo ba ou nan liv egzamen an.
- Mande pwofesè ou a pou li esplike ou tout esplikasyon ou pa konprann.
- Ou kapab sèvi ak enstriman ou yo pou yo ede ou rezoud nenpòt nan pwoblèm egzamen an.
- Li chak kesyon ak atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri yon repons.
- Fòk ou sèten ou montre travay ou lè yo mande ou pou ou fè sa. Ou kapab resevwa yon pati nan pwèn yo si ou montre travay ou fè.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak règ yo ba ou a.




Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak fòm yo ba ou yo.



Desen sa a vle di ou dwe sèvi ak kawo yo bay yo.

Sesyon 2

31 Julia ap dekore bòdi tablo a ki anba la a.



Ki longè, an mè, dekorasyon an gen pou li mezire pou ka fè bòdi a toutotou tablo a?

Montre travay ou.

Repons _____ mè

Kontinye

32



Sèvi ak blòk fòm yo pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Pati A

Nan espas anba la a, trase ozalantou blòk fòm la ki gen ***tout*** ang dwat yo.

Pati B

Nan espas anba la a, trase ozalantou yon blòk fòm diferan ki gen ang ki tout gen menm gwosè.

33

Danny kite 4 boul woule sou gazon an pandan yon match. Distans li kite chak boul woule montre nan tab anba la a.

DISTANS BOUL YO

Boul	Distans (an mètr)
1	12,20
2	12,75
3	12,37
4	12,68

Pati A

Ki boul ki woule distans pi long lan?

Boul _____

Pati B

Danny tap eseye fè boul la woule egzaktman 12,5 mètr. Ki boul vin pi pre pou woule 12,5 mètr?

Boul _____

Kontinye

34

Norman ale an vwayaj. Li pote ak li 3 chemiz yo epi 3 pè pantalon yo ki anba la a.

Chemiz	Pantalon
blan (b)	nwa (n)
reye (r)	gri (g)
kawo (k)	mawon (m)

Norman vle konnen konbyen konbinezon rad diferan li ka mete ak egzakteman 1 chemiz epi 1 pè pantalon nan chak konbinezon.

Pati A

Montre tout konbinezon ki posib yo ak chemiz epi pantalon ke Norman ka mete anba la a.

Pati B

Ki *kantite* konbinezon diferan chemiz epi pantalon Norman ka mete?

Repons _____ konbinezon

35

Melissa gen yon nòt total 266 pwen nan 3 egzamen syans. Li gen 91 pwen pou premye egzamen an. Li gen 5 pwen *anmwens* pou dezyèm egzamen an pase pou premye egzamen an.

Nan tab anba la a, ranpli kantite pwen Melissa genyen pou dezyèm epi twazyèm egzamen syans li yo.

NÒT MELISSA YO POU EGZAMEN SYANS

Egzamen	Pwen
Premye	91
Dezyèm	
Twazyèm	
Total	266

Montre travay ou.

Kontinye

36

Papa Brenda gen 36 an. Li gen 22 an anplis ke sè Brenda a. Sè Brenda a 2 fwa pi gran pase Brenda. Ki laj Brenda?

Montre travay ou.

Repons _____ an

Lucy ale nan yon magazen pou achte mayo pou ekip lekòl la.

LIS PRI MAYO YO

Kantite mayo yo	Pri
2	\$24,00
4	\$48,00
6	?
8	\$96,00

Pati A

Ki pri a pou 6 mayo?

Repons \$ _____

Pati B

Sou liy ki anba la yo, dekri reprezantasyon an nan lis pri mayo a.


Pati C

Lucy depanse \$108,00 pou mayo yo. Konbyen mayo èske Lucy achte?

Repons _____ mayo

Kontinye

Cindy ap etidye grafik ki anba la a sou wotè mwayèn elèv yo.



Pati A

Pwen C sou grafik la se relve pwen pou wotè Cindy a. Ki laj Cindy, an ane, epi wotè li, an santimèt?

Laj _____ ane

Wotè _____ santimèt

Pati B

Dapre grafik la, ki wotè mwayèn lan, an santimèt, pou elèv 12 an yo?

Repons _____ santimèt

Pati C

Anba la a gen wotè, an santimèt, pou kat elèv ki gen laj 10 an.

130, 140, 145, 150

Selon grafik la, konbyen elèv *pi wo* pase wotè mwayèn pou elèv yo ki gen laj 10 an?

Repons _____ elèv

Kontinye

39

Yon magazen gen yon vant rabè sou bwat boul tenis yo. Pou chak 2 bwat ki achte, magazen an bay kliyan an 1 lòt anplis gratis. Gen 3 boul tenis nan chak bwat.



Lè Lamont rive lakay li apre li sot nan magazen an, li te gen 18 boul tenis nan sache li a. Konbyen nan boul tenis sa yo li resevwa *gratis*?

Montre travay ou.

Repons _____ boul tenis

KANPE

PA vire paj sa a jistan ou gen pèmisyon pou sa.

Sesyon 3

40

Klas mis Rossini a gen 27 elèv. Jodiya, 3 nan 27 elèv yo absan. Mis Rossini mete elèv li yo nan 4 gwoup egal jodiya. Konbyen elèv ki nan chak gwoup?

Montre travay ou.


Repons _____ elèv



Sèvi ak kontè ou yo pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ben fè dyagram anba la a pou chanm li an.

CHANM BEN LAN



Ben sèvi ak kontè li yo epi dyagram lan pou mezire sipèfisi chanm li an. Chak kontè egal a 1 inite kare nan dyagram lan.

Pati A

Ki kantite inite kare ki pou kabann, komòd epi biwo Ben konbine ansanm?

Repons _____ inite kare

Pati B

Ki pati fraksyonè nan dyagram lan kouvri ak kabann, komòd epi biwo Ben konbine ansanm?

Repons _____

Kontinye

42 Gen 100 elèv nan sal jimnastik lekòl la.

Pati A

Gen 25 elèv katriyèm ane nan sal jimnastik la. Ki pousantaj nan elèv yo nan sal jimnastik la se elèv nan katriyèm ane?


Repons _____ %

Pati B

Gen 30 elèv senkyèm ane nan sal jimnastik la. Ki pousantaj nan elèv yo nan sal jimnastik la *pa* elèv nan senkyèm ane?


Repons _____ %

43 Nan klas atizana a, Kayla fè desen lè li anwoule mòso fil kolore otou bwa sou yon tablo. Li fè triyang lan anba la a kote fil la touche egzakteman 8 klou bwa.




Pati A

Sou dyagram tablo klou bwa yo anba la a, trase liy pou montre kijan Kayla ta ka fè yon *kare* kote fil la touche egzakteman 8 klou bwa.



Pati B

Sou dyagram tablo klou bwa yo anba la a, trase liy pou montre kijan Kayla ta ka fè yon *rektang* kote fil la touche egzakteman 8 klou bwa.



Kontinye

44

Nan sak mab Terrance lan, li gen mab sa yo:

3 mab nwa

5 mab ble

2 mab blan

Si Terrance chwazi yon mab nan sak la san li pa gade, ki pwobabilite a pou li chwazi yon mab ble?

Repons _____

Sou liy anba la yo, esplike kijan ou detèmine repons ou an.

45 Pwofesè Michael la ekri reprezantasyon nonm anba la a sou tablo a.

$$1 = 1 \times 1$$

$$1 + 3 = 2 \times 2$$

$$1 + 3 + 5 = 3 \times 3$$

$$1 + 3 + 5 + 7 = 4 \times 4$$

$$\underline{\hspace{2cm}} = 5 \times 5$$

Pati A

Ki pwochen fraz nimerik la nan reprezantasyon an?

Repons _____ = 5×5

Pati B

Si reprezantasyon an kontinye, ki kantite *nonm* pral ajoute ansanm nan fraz nimerik la ki egal 8×8 ?

Repons _____ nonm

Kontinye

46

Montre 2 diferan fason pou ekri ekspresyon anba la a. Sèvi ak miltiplikasyon nan chak nan ekspresyon ou yo.

$$6 + 6 + 6 + 8 + 8 + 8$$

Ekspresyon 1 _____

Ekspresyon 2 _____

47 Twa vwazen, Fred, Emmy epi Tyler, tout gen animal domestik. Yon vwazen gen 3 animal domestik, youn gen 4 animal domestik, epi youn gen 5 animal domestik.

Pati A

- Fred *pa* gen 3 animal domestik.
- Emmy gen plis animal domestik pase Fred.

Konbyen animal domestik chak vwazen genyen?

Fred _____ animal domestik

Emmy _____ animal domestik

Tyler _____ animal domestik

Pati B

Sou liy anba la a, eslike kijan ou jwenn repons ou an.

Kontinye

48

Klas mousye Berg la ale fè obsèvasyon zwezo. Elèv yo te divize nan ekip. Tab anba la a montre kantite zwezo chak ekip wè.

OBSÈVASYON ZWEZO

	Ekip A	Ekip B	Ekip C
Mwano	2	5	3
Wouj-gòj	6	3	2
Kadinal	1	3	2

Pati A

Ki kantite total mwano ekip yo wè?

Mwano _____

Ki kantite total wouj-gòj ekip yo wè?

Wouj-gòj _____

Ki kantite total kadinal ekip yo wè?


Kadinal _____

Pati B

Sou kadriyaj anba la a, fè yon grafik an baton ki montre kantite total pou chak tip zwezo ke ekip yo wè.

Pa bliye pou

- nonmen grafik la
- make aksis yo
- fè grafik tout done yo
- founi grafik la ak yon nechèl



Place Student Label Here



The McGraw-Hill Companies

Liv 2
Matematik
Klas 4
4-6 me, 2004
